Cherif ak Imigrasyon nan Florid yo

Ranfòse Pouvwa, Mete Fen nan Anprizònman
An Mas epi Sispann Depòtasyon

FLORIDA IMMIGRANT COALITION FLIC

LA RED
A CAMPAIGN OF FAITH IN ACTION

ADVANCEMENT PROJECT
...just democracy!

hispanicfederation

LIY POU ENTÈPRETASYON YO

Para español llame (305) 707-5958

Pou kreyòl, rele (305) 928-7611

Objektif Seminè sou Entènèt la

- Aprann sou Kowalisyon Freedom4Florida.
- Aprann plis sou wòl cherif yo nan kominote ou ak kijan yo enpakte ranfòsman imigrasyon.
- Dekouvri kijan Florid se orijin pou zouti kanal pou depòtasyon.
- Egzije chanjman pou kominote ou.

Panelis yo

Jessica Cruz, Lidè Kominotè, Faith in Florida

Pamela Gomez, Òganizatris Rejyonal Tampa Bay, FLIC

Losmin Jimenez, Direktè Pwojè, Jistis Imigran, Advancement Project

Nanci J. Palacios, Direktris Adjwen, Faith in Florida

Yanidsi Velez, Direktè Florid ak Sidès, Hispanic Federation

Valè Kowalisyon Freedom4Florida

- Mete Fen nan Lagè kont Povrete
- Kite Timoun yo tankou Timoun
- Libere epi Elaji Altènativ yo
- Pwoteje Kominote Imigran yo
- Transparans ak Responsablite
- Elaji Demokrasi
- Aprann Plis nan https://freedom4florida.org/

Sondaj Ouvè!

1. Have you or someone you know experienced racial profiling? | ¿Usted, o alguien conocido, ha experimentado discriminación racial? | Èske oumenm oubyen yon moun ke ou konnen te fè eksperyans diskriminasyon rasyal?

2. Do you have a loved one who has been deported? | ¿Algún ser querido suyo ha sido deportado? | Èske ou gen yon moun ki chè pou ou ke yo te depòte?

3. Have you or someone you know been detained because of local law enforcement collaboration with ICE? | ¿Usted, o alguien conocido, ha sido detenido debido a la colaboración de las autoridades locales con ICE? | Èske oumenm oubyen yon moun ke ou konnen te anprizone akoz kolaborasyon otorite lokal yo ansanm ak ICE?

4. Have you or someone you know been stopped for a traffic offense? (Examples of traffic offense could be: speeding, not signaling, broken tail light, not wearing a seatbelt) | ¿Usted, o alguien conocido, ha sido parado en la carretera por una infracción de tránsito? (Ejemplos de una infracción de tránsito pueden ser: manejar en exceso de velocidad, no poner las direccionales, una luz trasera dañada, no llevar el cinturón de seguridad puesto) | Èske yo te kanpe ou oubyen yon moun ou konnen pou dezòd sikilasyon? (Egzanp dezòd sikilasyon kapab se: eksè vitès, pa bay siyal, limyè dèyè ki kraze, pa mete sentiwon sekirite)

Pouvwa Cherif yo: Sa Pifò Moun Pa Konnen

- Cherif yo se ofisye ki **eli** yo ye
- Otorite responsab aplikasyon lalwa ak prizon yo nan tout depatman an
  - Jere prizon depatman oswa prizon rejyon yo
  - Pifò gen pouvwa pou fè arestasyon epi mete moun nan detansyon nan tout depatman an
- Prizon yo se pwen dantre pou detansyon ak yon kanal pou depòtasyon
- **Nan pifò ka yo, cherif yo gen pouvwa ekslizif pou yo deside si epi kòman pou yo kolabore ak otorite federal yo**
- Egzanp: Cherif FL gen kominikasyon dirèk avèk ICE, Lejislatè Eta yo & yap elabore politik ki plis kriminalize imigran nan Eta yo.

Objektif Administrasyon an nan Zafè Detansyon ak Depòtasyon

- ICE vle gen 52,000 kabann detansyon disponib pa jou disi 2020-- yon ogmantasyon 25 pousan parapò a 2016 (Prèske la)
- Objektif ½ Milyon Detansyon/Ane
- Fòs Polis Entèn ak nan Fwontyè

Aktyèlman $24 Bilyon pou Detansyon an Mas ak Depòtasyon





Sous: https://immigrantjustice.org/staff/blog/principles-negotiating-dhs-budget

Ogmantasyon Kolaborasyon Lokal: Akò 287g

- Aktyèlman, ICE gen akò 287(g) avèk 74 (An 2017, 59) ajans ranfòsman lalwa nan 21 Eta.
- Gen sis nouvo akò sèlman ki te ajoute ant 2012 ak 2016.
- ICE prevwa pou kontinye ak pousantaj ekspansyon pi wo sa a.
- **Tout, sof 7 se kontra avèk Cherif yo**

(Sous: https://www.ice.gov/287g**)**

07/31/2017

ICE anonse 18 nouvo akò 287(g) nan Texas

GRAPEVINE, Texas - Otorite Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (ICE) anonse ofisyèlman siyati 18 nouvo akò 287(g) nan tout Eta Texas la nan yon evènman nan Grapevine jodi a ke Direktè enterimè ICE lan Tom Homan ak cherif nan chak nan 18 konte yo te asiste.




Popilasyon Detansyon ICE
LOKAL
PRIVE
ICE
POPILASYON MWAYÈN ANE FISKAL 2017
1.9k
257
68
10
1
0
MWAYÈN: 188

Administrasyon an pa kapab atenn kantite depòtasyon yo san cherif yo

Reyalite: Yo kòmanse 47% depòtasyon yo nan prizon lokal yo.

(Sous: https://trac.syr.edu/immigration/reports/529/)



Chema 1. Sous arestasyon ICE pandan ane fiskal 2018
(Oktòb 2017-Jen 2018)

Reyalite: Gen plis pase 3,000 biwo cherif ak 3,163 prizon lokal ki ap opere atravè Etazini.
Reyalite: 76% moun ki nan Prizon yo pa kondane

(Sous: https://www.prisonpolicy.org/reports/pie2019.html)



Ogmantasyon Kolaborasyon Lokal: Manda Kabann

- ± 650 Enstalasyon ebèjman detansyon pwolonje ICE yo
- ± $3 Bilyon depanse nan Detansyon ICE chak ane
- ± 46,000 Popilasyon Imigran Detni an Mwayèn chak jou



https://www.freedomforimmigrants.org/detention-statistics

"Pi gwo echèk administrasyon Trump lan te sibi jiskaprezan nan primè 2018 yo ta ka vini nan yon kandidati pou cherif nan Konte Mecklenburg, North Carolina — kote konkiran ki ranpòte laviktwa a te pwomèt pou diminye koperasyon biwo li avèk ajan federal Otorite Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (Immigration and Customs Enforcement, ICE)."

—DARA LIND, VOX.COM

"Tradisyonèlman sherif ki sevè nan zafè krim yo te yon kontribitè majè nan anprizònman an mas...Men kounye a, alòske moun kòmanse konprann dimansyon pouvwa yo, bagay yo ka chanje."

—JOSIE DUFFY RICE, APÈL LA

Florid, COVID-19, ak Anprizònman an Mas

- Estatistik COVID-19 nan Florid, https://floridahealthcovid19.gov/

- *Anthony Swain, et al., v. Daniel Junior, et al*.: Litij ki te depoze an avril 2020 nan Miami pou libere moun ki pyeje andedan Prizon Metro West. Moun yo t ap fè pwòp mask yo avèk yon chosèt, yo te oblije jwenn yon òdonans tribinal pou yo te ka jwenn savon.

- *Patrick Gayle, et al. v. Krome Service Processing Center, et al*.: Litij ki te depoze pou libere moun ki andedan sant detansyon imigrasyon nan Florid.

- Nan dat 21 Me, ICE te revele devan tribinal federal ke 336 sou 338 moun yo te detni nan Glades nan moman sa a te ekspoze nan viris la e ke yon adjwen cherif te teste pozitif.

- Kisa Cherif Florid yo te fè?

Pouvwa Cherif la: Florid Orijin pou Eksperyans

- **Akò Kòmand Bazik**
  - 17 janvye 2018
  - Politik konsènan Detni yo
  - Peman pou chak detni yo
- **Lejislasyon Eta a Anti-Imigran (SB 168)**
  - 3 Me 2019
  - Cherif Pinellas redije & pouse anpil
  - Anpeche otorite lokal yo inyore demann detni ICE yo
- **Pwogram Ajan Sèvis Manda**
  - 6 Me 2019: 3 jou apre Gouvènè a te siyen Pwojè Lwa Anti-Imigrasyon
  - Pèmèt otorite lokal yo fè detansyon ki depase pwen kote yo ta otreman lage yo si ICE te mande detansyon yo
  - 64 ajans aplikasyon lalwa nan 9 Eta

Ogmantasyon Kolaborasyon Lokal: Plis sou Akò Kòmand Bazik yo

- Akò Kòmand Bazik:
  - 54 Cherif depatman nan Florid kap kolabore avèk ICE
- Sistèm detansyon pwolonje ICE la te anba atak nan tribinal yo ak nan òganizasyon debaz yo
- Yo te jwenn ke kenbe moun nan detansyon pwolonje enkonstitisyonèl nan plizyè desizyon lajistis
- DHS, ICE ak cherif yo konsidere BOA kòm yon "solisyon" pou enkonstitisyonalite detansyon pwolonje yo
- Si pwogram pilòt la “reyisi” nan Florid, BOA yo pral gaye nan tout peyi a

Janvye 2018: 17 Cherif nan Florid nan Konferans pou Laprès anonse Kolaborasyon avèk ICE

Cherif Konte Pinellas Bob Gualtieri Nonmen pou Pri Cherif Ferris E Lucas NSA pou Ane 2019

19 Avril 2019
Cherif Konte Majè Etazini yo
Pa gen kòmantè
Kategori yo: Nouvèl

Cherif Bob Gueltieri nan Konte Pinellas, FL, pral resevwa pri Ferris E. Lucas pou Cherif Ane 2019 nan men Asosyasyon Nasyonal Cherif yo (National Sheriffs' Association, NSA). Cherif la pral resevwa pri a pou kontribisyon li nan kominote fòsdelòd yo ete sa a nan Louisville, KY nan konferans anyèl asosyasyon an.

Pri a, ke NSA bay chak ane, rekonèt yon cherif ki te fè kontribisyon eksepsyonèl nan aplikasyon lalwa ak pwofesyon jistis penal, ki demontre sèvis eksepsyonèl nan kominote li, epi ki te kontribye nan amelyorasyon Asosyasyon Nasyonal Cherif yo (NSA). Yo akòde pri nasyonal prestijye an a nenpòt cherif aktif ki te egzèse devwa biwo li nan fason pwofesyonèl ki pi wo epi ki te amelyore Biwo Cherif la. Yo bay pri a nan memwa ak onè Ferris E. Lucas, ki te sèvi kòm Prezidan Asosyasyon Nasyonal Cherif yo (1944-1946) ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Nasyonal Cherif yo (1964-1982).

Direktè Egzekitif NSA Jonathan Thompson te deklare "Cherif Gualtieri defini sa pri an te kreye pou rekonèt". "Non sèlman pa gen limit ni obstak pou li pou asire sekirite kominote li, men li toujou reponn alapèl antanke lidè nasyonal nan pi gwo pwoblèm fòsdelòd yo rankontre atravè peyi a."

Enpak politik sa yo nan Florid: Kanal pou Depòtasyon

- 118, 277 pwoblèm detansyon pwolonje nan Florid jiska Septanm 2019
- 5 konte prensipal ki bay detansyon pwolonje yo gen ladan:
  - Miami-Dade, Collier, Leon, Palm Beach, ak Broward
- 141, 393 depòtasyon total soti nan Florid jiska Out 2018
  - **Nan sa yo, 81,752 moun pa te gen okenn kondanasyon, men yo te depòte**
  - **Kondanasyon nimewo en ki mennen nan depòtasyon nan Florid se enfraksyon trafik (4,918 depòtasyon moun te gen yon enfraksyon trafik).**

Sous: TRAC Immigration, https://trac.syr.edu/phptools/immigration/detain/, https://trac.syr.edu/phptools/immigration/remove/

VOTA SI
#votaSiw4

FAMILIES BELONG TOGETHER
WE ARE FLORIDA
NO SOY FLORIDA!
¡SOMOS FLORIDA!
WE ARE FLORIDA!

NO HUMAN BEING IS ILLEGAL
NO Discrimination Undocumented Unafraid
PROUD
FLORIDA UNIDOS
WE ARE
COALITION
Immigrant Coalition

Demann pou Kominote Florid yo

- Itilize pouvwa diskresyonè pou limite kantite arestasyon pou deli yo.
- Limite kolaborasyon Eta yo avèk ICE nan zafè aplikasyon lalwa.
- Anilasyon SB 168 (Lwa 2019 Anti-Imigrasyon Florid la).
- Siyen sètifikasyon viza U ak T
- Demann Freedom4Florida: https://freedom4florida.org/

Apèl Alaksyon

Ou gen pouvwa pou w chwazi kiyès ki pral pwochen Cherif la nan kominote ou. Angajman pou Vote.

- **Vòt ou se vwa ou!**
  - Fason pou enskri pou vote
  - Pwosesis elektoral la pandan COVID-19
    - Vòt Pa Korespondans
  - Angajman Vòt Cherif Pinellas (I Pledge): bit.ly/IPledge2

- **Ou bezwen èd?**
  - FLIC.VOTE | Liy asistans FLIC: 1888-600-5762
  - Movimientohispano.org oswa Hispanicfederation.org
  - 1-844-HF-Ayuda (Anglè ak Panyòl)

Apèl alaksyon: Konekte, Aprann epi Patisipe

Antre nan evènman sa yo:

- **Evènman FLIC k ap vini yo**
  - Lit pou Liberasyon Nwa yo: Soti nan Dwa Vòt pou rive nan Abolisyon Prizon: 17 Jiyè 4-6PM bit.ly/liberationtownhall
  - Pouse Primè 7 out, 12-5pm Bank Telefòn/Tèks/Medya sosyal

- **Pwochen evènman andirèk Hispanic Federation**
  - Fowòm kandida Cherif Konte Orange 16 Jiyè 6:30 PM FB Live @HispanicfedFL
  - Fowòm Kandida Majè Osceola 6 Out a 6:30PM FB Live @HispanicfedFL
  - Fowòm Elektè nan tout Eta a 10:30 AM @HispanicfedFL
  - Fowòm Anviwònmantal nan tout Eta a 3 ak 4 septanm @HispanicfedFL

Swiv nou pou rete konekte!

Kowalisyon Imigran Florid

@FLImmigrant

flimmigrant

Faith in Florida

@FaithFlorida

faithinflorida

Federasyon Ispanik Florid

@HispanicFedFL

hispanic_federation

Advancement Project

@adv_project

advancementproject

Ou gen kesyon?

Tanpri soumèt kesyon ou nan tchat la!

- Si ou gen lòt kesyon anplis, tanpri voye yo pa imèl:
- Advancement Project: LJimenez@advancementproject.org
- Florida Immigrant Coalition: info@floridaimmigrant.org
- Hispanic Federation Florida: 1-844-HF-Ayuda (29-8320)
- Faith in Florida: npalacios@faithinflorida.org

Mèsi dèske ou vini!